

PWOTEJE DWA ETIDYAN IMIGRAN YO NAN ETA NEW YORK



Tout elèv ki gen laj 5 a 21 an gen dwa a yon edikasyon piblik gratis kèlkeswa nasyonalite, peyi orijin, oswa estati imigrasyon.



Lekòl yo dwe enskri imedyatman elèv imigran oswa moun k ap viv nanabri. Lekòl yo dwe aksepte yon varyete prè rezidans.



Lekòl yo dwe yon espas ki an sekirite. Lapolis pa ka retire yon elèv nan lekòl oswa entèwoje yon elèv san konsantman paran yo.



Eta Nouyòk ak lwa federal entèdi entimidasyon elèv oswa anplwaye yo baze sou ras aktyèl oswa pèsevwa, koulè, orijin nasyonal oswa estati sitwayènte.



Refijye ak lòt imigran yo konsidere kòm sanzabri (tankou k ap viv nan lojman tanporè oswa ak yon lòt fanmi) dwe enskri nan lekòl menm si yo pa gen dosye vaksinasyon. Elèv yo dwe resevwa premye dòz tout vaksen obligatwa yo nan premye 14 jou apre yo ale lekòl.



**LIY ASISTANS
PARAN NYS ELL
1-800-469-8224**

Vizite [OBEWL](http://OBOWL) Anliy
obewl@nysed.gov
(518) 474-8775